



Bèt la oubyen espri manti

Revelasyon 13 rasanble yon lis enfòmasyon sou bèt la. Bèt la an reyalite se karaktè prensipal ki prezante nan chapit sa-a. Si sajès ou paka louvri je'w pou'w wè kiyès ak kisa bèt la ye, mwen ka garanti'w ke imaj yo pap klè pou ou ditou. Lè yon moun pa konprann nati bèt la, sa vle di ke moun sa-a manke sajès, sajès sa-a li ka jwenn li senpleman lè'l mande Bondye ; tande sa:

⁵ Si yon moun pami nou manke sajès, se pou li mande Bondye, ki bay libreman, san repwòch, e li va jwenn. ^{Jak 1: 5}

"Mande, epi ya va ba'w..." Jezi te di. (Matye 7: 7)

Annou rezone ansanm sou nati bèt la. Premyèman ann wè kisa nou menm lèzòm panse de yon bèt; aprè n'a aprann ki sa Bib la di nan kesyon sa-a. Nou menm lèzòm, nou kwè ke yon bèt se:

- Yon gwo zannimo oubyen yon zannimo nan bwa ki gen kat pat: yon bèt sovaj.
- Yon zannimo domestik, kap viv nan pak, epi ki nan menm ras ak bèf.

Nou kwè ankò ke:

- Si yon moun brital pa nati, toujou fache, vyolan, sovaj, bourik, endesan oubyen pa gen moral moun sa-a se yon bèt.
- Nou rete konvenki ke yon bèt, se ankò tout karaktè agresif oubyen tout karaktè malouk ke ou ka jwenn nan yon moun.

Jean De La Fontaine, yon filozòf franse, ki te pase lavi'l ap etidye konpòtman moun pa rapò avèk bèt, te deklare: "Mwen te toujou konn ap di tèt mwen, lè'm wè kijan moun ap aji, e ke yo konpòte yo an mil okazyon, menm jan avèk bèt."

Jean-Jacques Rousseau, youn nan pi gwo romansye franse, bò kote pa li, te ajoute: "Bèt ke ou manje yo se pa yo menm ki manje lòt yo; ou pa manje bèt kanivò yo, ou pran yo kòm modèl ou".

Voltaire (François-Marie Arouet), youn nan prensipal filozòf des lumières, te di: "Piblik la se yon bèt feròs; seswa'w mare'l ak chenn oubyen'w kouri pou li".

Referans sa yo, montre ki jan nou menm lèzòm te konprann nati bèt yo. Nou te fini pa konkli ke yon moun nan okenn fason pa diferan de yon bèt. Powèt John Wilmot te di: "Gen plis diferans ant moun ak moun, ke moun ak bèt". Nòmalmman yon moun pa yon zannimo, men moun kap panse sa-yo te detèmine ke, selon nati ki adopte ya, yon imen kapab idantifye tèt li, oubyen tankou yon moun, oubyen tankou yon bèt. Se sèlman rezon ki ka diferansye yon moun ak yon bèt. San rezon yon moun pa nati pa lòt bagay ke yon bèt.

Koulye-a, kite nou wè si Bib la rive ak menm dediksyon; nan liv Eklezyas nou li:

¹⁸ Mwen te di nan kè'm, sou pitit lèzòm yo, ke Bondye ap fè'l parèt aklè, e ke ya wè ke yo menm yo se yon bann bèt. ¹⁹ Paske sò pitit lòm nan se menm avèk sò bèt yo; menm jan youn mouri, se konsa lòt la mouri tou; wi, yo tout gen yon souf, konsa moun pa gen okenn valè ki siperyè bèt: paske tout se vanite. ²⁰ Tout pral menm kote; tout soti nan pousyè, e tout ap tounen nan pousyè ankò.

Eklezyas 3: 18-20

Annou fè fas ak reyalite-a! Bib la non sèlman ale nan menm direksyon an, li menm souliye e mete aksan e bay bon jan egzanp.

Charles Gay te di ke zannimo gen 1^{yèm} ensten yo pou limyè. Konnen ke ensten toujou pran chimen ki mennen piba kapasite imajinasyon. 2^{yèm} se apeti zannimo ki kontwole aksyon'l yo (volonte)", zannimo ka gen apeti pou'l manje, pou'l bwè, pou'l fè lachas, pou'l touye, elatriye. Zannimo pran direksyon ke ensten yo trase ba yo-a. "Yon bèt, se Charles kap pale, pap janm sispann nan sa lap fè yo, toutotan li pa fè fas ak yon fòs fizik siperyè, ki detounen ensten li nan yon lòt direksyon". Sa vle di, yon moun ki aji pa ensten, olye pa bon jan panse, ki soti nan bon rezonman moun, ebyen, moun sa-a pa nati se yon bèt, ki reflekte imaj yon lòt fanmi bèt (bèt ki gen de pye).

Pa egzanp, bèt ki gen kat pye yo, pap ezite sèvi ak vyolans pou rezoud pwoblèm. Reyaksyon sa yo soti nan ensten. Bèt yo ranmase tout fòs fizik yo pou yo atake, ou pa ka repwoche yo, paske se sèl zouti ke ensten yo pèmèt ke yo itilize. Abraham Maslow te di: "Si sèl zouti ke ou genyen-an se yon mato, ou gen tandans pran chak pwoblèm pou yon grenn klou." Bagay ki pi tris nan tout istwa sa-a, se wè ki jan lèzòm sèvi ak menm metòd brital e mechan sa yo, pou jere dezakò yo.



Nan tout sitiyasyon difisil, tout moun nòmalmman responsab sou jan ke y'ap aji. Nou pa ka chanje konpòtman lòt moun, men nou ka aprann aji san krent, e konprann avèk rezon, Ki jan pou nou rezoud tout kalite pwoblèm, andedan bonte enfini ki nan lanmou Bondye. Apot Jan te di: ¹⁸ Pa gen laperèz nan renmen, men renmen tout bon an chase laperèz; paske laperèz pote touman, moun ki gen laperèz pa gen bon jan renmen. ^{1 Jan 4: 18}

Sa vle di, pou ou ka evite ak jere konfli tout bon vre, yon moun bezwen enspire'l nan nouvell alyans ki soti nan gras Bondye:

³⁴ M 'bannou yon kòmandman nouvo: Se pou nou youn renmen lòt; menm jan mwen renmen nou an, nou menm tou, renmen youn lòt. ³⁵ konsa tout moun ap konnen ke nou se disip mwen, si nou gen lanmou youn pou lòt. ^{Jan 13: 34-35}

Depi prèske sis mil an, limanite, nan yon fason derezone ap eseye rive jwenn pèfeksyon, selon pwòp mwayen pa'l. Li lè pou nou apwoche pi pre Bondye, pou'l ka montre nou chemen syèl la nan tout bagay, e konsa n'a ka renouvle rezon nan egzistans nou. Bondye egzòte limanite, pou'l pran on tan pou'l aprann kòman pou'l pote viktwa sou nati bèt li-a, e pou'l ka vini pitit gason ak pitit fi li te toujou vle pou yo ye-a. Sonje byen, pou youn moun ka vini gen yon idantite, li dwe chwazi ant de nati sa yo: èske lèzòm ap chwazi nati yon sen pitit gason Bondye, oubyen èske l'ap toujou rete nan nati bèt la? Sètènman Bondye pap janm aksepte ke nou kontinye ap konpòte nou tankou bèt. Konprann sa:

- Zannimo pa ka rezone
- Zannimo pa kapab kominike ak Bondye (lapriyè)
- Zannimo pa gen espwa lavi aprè lanmò (lavi etènèl)

Erezman, se bagay sa yo ki fè diferans ant yon moun avèk yon bèt. Si pa gen okenn tras enfluyans sa yo nan yon moun, li si e sèten ke moun sa-a posede yon nati zannimo, e li se definitivman yon bèt.

Regilyèman, Bib la idantifye e egale aksyon sovaj lèzòm yo tankou aksyon bèt nan bwa. Nan liv Sòm yo: wa David te pwofetize ke Krisifiksyon Jezi t'a pral òganize pa bèt ki sou latè yo, e nou tout konnen ke òganizatè konplo sa-a, se moun yo te ye. Annou li:

¹² Anpil **towo bèf** antoure'm, gwo **towo bèf** Bazan yo sèkle mwen.

¹³ Bouch yo pann byen louvri sou mwen, tankou **lyon** kap dechire e kap gwonde.

¹⁴ Yo voye'm jete tankou dlo, tout zo nan kò'm yo separe; Kè'm tankou lasi; li ap fonn nan zantray mwen.

¹⁵ Fòs mwen ap seche tankou tè ajil, lang mwen ap fann nan machwè'm; e konsa ou lage'm nan pousyè lanmò.

¹⁶ Paske yon bann **chyen** te antoure'm: Yon ekip **mechan** te sène'm: yo te **pèse men'm avèk pye m'**.

¹⁷ Mwen te ka konte tout zo'm yo. Yo kale e fiske je yo sou mwen.

¹⁸ Yo pataje rad mwen, e fè tiraj osò ak vès mwen.

¹⁹ O Seyè mwen pa lage mwen: O fòs mwen, prese vini pote'm sekou.

²⁰ Delivre nanm mwen kont epe, lavi'm kont pouvwa **chyen** yo.

²¹ Retire'm nan bouch **lyon** an: paske ou te tande mwen nan kòn inikòn yo.

²² M'a va pibliye non ou bay frè'm yo: nan mitan kongregasyon an mwen va fè lwanj pou ou. ^{Sòm 22: 12-22}

Seyè-a, Jezi-Kris, te di nou li menm, ki moun pou nou pote bon nouvell la bay. Se pa paske li pa vle tout moun sove non, se paske li konnen byen kòman mekan yo ap fofile kò yo nan mitan twoupo Bondye-a; bèt mekan ke yo ye, men ki degize tankou gadyen ak tankou mouton Bondye, menm fason ke papa yo, dyab la, te degize tèt li tankou zanj limyè. Nan vizyon sa-a, Jezi te lanse yon piga bay disip li yo, li di yo:

⁶ Piga nou bay chyen yo bagay ki sen yo, e pa jete bijou nou devan kochon yo, m'pa vle pou yo ponpe ak pye yo sou yo, tounen dèyè nou, e dechire nou. ^{Matye 7: 6}

Satan se premye ki te investi tèt li nan yon nati bèt, e li te trennen yon tyè nan zanj yo nan rebelyon'l lan ak nan dezobeyisans li-an. Li menm Satan, nan premye liv ki te ekri nan Bib la, Bondye te dekri li kòm yon sèpan, zannimo ki pi mètdam pase tout bèt ki nan savann nan (Jenèz 3: 1).



Satan te panse ke li te kapab monte nan wotè Bondye. Li te fè tèt li kwè ke li kapab yon toupwisan, e menm oze panse ke li ka posede twonn Bondye-a (Izayi 2:14). Nan kondisyon sa-a, Satan vini pèdi rezon, li pèdi kominikasyon ak Bondye, e li pèdi tout espwa pou'l viv etènèlman. Kòm rezilta, li resevwa yon nati bèt. Li pa menm gen privilèj bèt ki gen kat pye yo, okontrè se ranpe l'ap ranpe pou'l deplase. Fyète transfòm nati li an yon bèt sovaj (yon reptil).

Ann gade ki jan nati bèt sa-a te fè chimen pou'l rankontre ak lèzòm: Sonje ke Satan se lènmi an, opoze ak Bondye.

Jezi se chimen, **verite** ak lavi. Bèt la se chimen pèdi, **manti** ak lanmò.

Bondye se Papa Jezi. Si Jezi se Pitit Bondye e Jezi se verite, konsa verite se Pitit Bondye, e Bondye se Papa verite. Kòm tout papa toujou bay pitit yo yon non, Bondye rele "verite" ki se Pitit li-a "Jezi"; (Santifye yo ak verite ou, pawòl ou se verite, Jean 17 :17). Pawòl verite-a (Jezi) anvan li te vini nan mond lan te egziste nan fòm Espri. Menm Jan m'ap pale ak ou nan moman sa-a, ou ka tande pawòl k'ap soti nan bouch mwen, ou konvenki ke yo vivan, men ou pa ka wè yo. Li enposib pou ou wè yo ak je'w, paske yo se prèv mond espiyèl la.

Satan, sèpan ansyen an, dragon an, gen yon pitit tou. Bib la di nou ke dyab la se papa manti, sa vle di ke manti se pitit Satan. Menm jan ke pawòl verite a (Jezi) anvan li te vini nan mond lan te egziste sou fòm Espri. Pawòl manti yo (?) anvan yo te vini nan mond lan te egziste tou sou fòm espri. Sa nou bezwen konnen an se sa'm pral di nou la-a: **Verite**, ki se **Pitit Bondye**, nòm malman gen yon non, non li se **Jezi-Kris**; Èske **manti**, ki se **pitit dyab la**, gen yon **non** patikilye ki asosye ak li menm tou? Repons ak kesyon sa-a se wi, e se la-a ke nou pral bezwen prete yon atansyon espesyal: Bib la di ke Bondye te bay tout pouvwa a Pitit li Jezi (verite a); ann li: ¹⁸ **Jezi te pwoche bò kote yo, li te pale ak yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a.** Matye 28:18

Kòm Bondye remèt tout pouvwa'l yo bay pitit li (verite a). Satan, kòm imitatè, pral menm jan an tou remèt tout pouvwa'l yo bay pitit li (manti yo). Se konsa, nenpòt kreyati ki resevwa tout pouvwa dyab la, pral idantifye kòm pitit Satan. Pou evite tout fòm konfizyon, Bib la idantifye byen klè kiyès ki eritye tout pouvwa Satan yo. Remake byen, ke pouvwa pitit dyab la te soti dirèkteman nan dragon an; ann li: ² **Bèt mwen te wè a te tankou yon leyopa; e pye'l yo te menm jan ak pye yon lous, e bouch li sanble ak bouch yon lyon: e dragon an te ba'l pouvwa'l yo, ak chèz li, ak gwo otorite.** Revelasyon 13: 2

Dragon an te pase pouvwa'l yo, fotèy li ak otorite'l yo bay **bèt** la. Menm sa Bondye te fè pou Jezi, Pitit li-a, dragon an te fè'l pou pitit pa'l la tou. An konklizyon, non pitit Satan se **bèt** la (mantè a). Kounye-a ann wè ki diferans ki genyen ant Pitit Bondye-a (Jezi/verite a) ak pitit pèdisyon an (bèt la/mantè a). Jezi-Kris, Pawòl Bondye-a, Espri verite a, nan lide pou'l rankontre konpreyansyon lèzòm, e pou'l anseye yo bon nouvel wayom Bondye-a, te pran fòm yon moun, pou'l te ka li menm temwen verite a. Alòs ke bèt la, pawòl sèpan an, espri manti a, nan lide pou'l rankontre enkonpreyansyon lèzòm, e anseye yo move rout k'ap mennen nan wayom dyab la (lanfè), te pran fòm yon bèt pou'l te ka li menm temwen manti yo.

Kontrèman ak pawòl Bondye-a ki te tounen chè (Jan 1:14), dragon an pa gen pouvwa pou'l kreye, konsa li pa kapab kreye yon kò pou espri li. Menm jan li te fè nan syèl la avèk yon tyè zanj yo, li koronpi lide lòm nan avèk nati bèt li-a, e te lakòz yon rebelyon kont Bondye ki nan syèl la, e Èv te premye ki te soti viktim nan bagay sa-a. Bèt la, espri manti a, enfliyanse espri Èv e asire li ke manti'l yo pi kredib pase pawòl Bondye, e Èv te kwè e te temwaye ki jan pawòl manti Satan yo te bon.

Bagay sa yo reprezante pouvwa malfèzan ke dragon an te pase bay pitit li-a, premye bèt la, espri manti a; annou li:

¹ E mwen te kanpe sou sab lanmè yo, e mwen te wè yon bèt k'ap monte soti nan lanmè a, li gen sèt tèt ak dis kòn, e sou kòn li yo dis kouwòn, e sou tèt li yo anpil non blasfèm.

² Bèt mwen te wè a te tankou yon leyopa; e pye'l yo te menm jan ak pye yon lous, e bouch li sanble ak bouch yon lyon: **e dragon an te ba'l pouvwa'l yo, ak chèz li, ak gwo otorite.** Revelasyon 13:1-2

Jan te wè yon bèt k'ap soti nan lanmè. "Lanmè" sa-a ke bèt la ap soti a, se yon kote espesyal ke nou dwe mete anba mikwoskop (ekzamine ak prekosyon) pou nou ka gen yon ide konplè de bèt la. Sa ke nou pral siman eksplike nan pwochen mesaj k'ap vini an.